




**North Carolina Department of Commerce  
Division of Employment Security  
Unemployment Insurance**



999999

## Lèt Anvan Sètifikasyon

JOHN DOE  
888 North 10th Street  
Siler City, NC 27344

Dat li voye pa Lapòs: 24 Fevriye  
2017  
Idantifikasyon Demandè: 1234567  
Montan Pèman Anplis: \$823.27  
Montan Penalite a: \$364.40  
Montan Total Dèt la: <dèt total>

Dosye nou yo endike yon Abit avèk Divizyon Sekirite Travay la (DES) te detèmine yo te peye w alokasyon asirans chomaj ou an anplis nan montan ki afiche pi wo a akòz de aksyon fwod oswa omisyon de ou menm epi/oswa paske ou pa te rive deklare salè ou yo jan li rekòmande a. Rezolisyon an etabli pèman anplis la avèk rezon ki fè li vin definif selon N.C.G.S. § 96-15(b)(2). Ou kapab fè demann yon kopi rezolisyon an pou sipòte dèt ou an pandan w ap kontakte yon Espesyalis Rekiperasyon. Nan dat avi sa, ou pa te ranbouse konplètman alokasyon yo oswa penalite evalye ki enkli yo.

DES pwopoze pou ranvwaye dèt ou an kòm yon dèt konpansasyon chomaj ki kouvwi nan Depatman Trezò Etazini an/IRS (Trezò) pou ankèsman atravè Pwogram Konpansasyon Trezò (TOP) a. Gras avèk TOP, Trezò a otorize pou konpanse ranbousman enpo sou revni Federal la pou rabouse dèt DES ou an. Si dèt ou an ranvwaye pou kolèk atravè TOP, ou pral chaje tou de yon frè kolèk administatif de disèt dola (\$ 17.00). Nan objèktif pou evite konpansasyon enpo federal sou revni ou an, avèk frè anplis sa, ou dwe fè yonn nan bagay sa yo nan delè swasant (60) jou de dat avi sa:

- Ranbouse tout dèt ou an. Voye pa Lapòs nan adrès ki pi wo a pèman ou an avèk lèt sa atache, Atansyon: Kontwòl Pèman Alokasyon an. Fè chèk ou an oswa manda bankè a nan non Divizyon Sekirite Travay la. Ou kapab remèt pèman an tou pa kat kredi sou sitwèb DES la nan [des.nc.gov](https://des.nc.gov), oswa pandan w ap rele yon Espesyalis Rekiperasyon nan 919.707.1338.
- Antre nan yon akò pèman pa franch epi kontinye swiv modalite akò a. Si ou pa kapab peye tout dèt ou an, ou kapab mande pou antre nan yon akò pèman pa franch. Ou dwe kontakte yon Espesyalis Rekiperasyon nan delè swasant (60) jou de dat avi sa, dakò avèk yon plan pèman pa franch ki aksèptab nan DES, epi peye pèman ki egzijje pi ba a.
- Fè demann reyevalyasyon dèt ou an. An konfòmite avèk 26 U.S.C. § 6402(f) epi 31 C.F.R. § 285.8(c)(3)(i), ou kapab mande reyevalyasyon dèt ou an pandan w ap prezante prèv ki di ke tout oswa yon pati nan dèt ou an pa rive akòz de fwod oswa salè anyèl alokasyon an, oswa pa fè sijè konpansasyon. Prèv ou yo ta dwe voye pa mel nan adrès ki pi ba a, atansyon: Kontwòl Pèman Alokasyon, oswa ki te voye pa faks oswa pa imel ki afiche pi ba a. DES pral konsidere tout prèv ki prezante epi ki pral enfòmasyon w (pa lapòs) de desizyon nou an konsènan èske dèt ou an te ranvwaye bay Trezò a.

Silvoulè mete w okouran ke si ou menm avèk konjwen ou an depoze yon deklarasyon revni Federal konjwen, konjwen ou an kapab gen dwa avèk yon pòsyon nan Ranbousman Federal sou revni an. Konjwen ou an ta dwe jwenn fomilè Federal 8379 la, Alokasyon Konjwen blese, si aplikab. Enfòmasyon ki akonpanye fomilè 8379 la pral eksplike etap konjwen ou an dwe swiv pou resevwa pòsyon Ranbousman Federal sou revni an. Si ou pa remèt tout pèman an, etabli yon akò pou ranbousman, oswa prezante prèv kòm repons pou Avi sa nan delè swasant (60) jou de dat avi sa, dèt ou an pral ranvwaye nan Trezò a. Si ou genyen plis kesyon kosènan avi sa oswa dwa ou yo, ou kapab kontakte yon Espesyalis Rekiperasyon nan 919.707.1338.